

PWOGRAM LEKTI POU TIMOUN PANDAN ETE A 2025

Byenveni nan pwogram lekti pou timoun pou ete 2025 lan!

Samdi 28 Jen – Samdi 16 Out



TIMOUN

ti bebe jiska klas 5yèm ane

Kijan defi pwogram nan pral pase ane sa a?

Ane sa a, nou ap konte jou olye de minit oubyen kantite paj ou li. Sa senp. Eske ou li jodi a? Epi, ajoute l nan dosye ou! Objektif ou se li omwen yon ti kras chak jou pandan ete sa a. Nou rekòmande w li pou pi piti 15 a 20 minit chak jou.

Enskripsyon

Enskri sou entènèt isit la oswa enskri an pèsòn nan Bibliyotèk la pou w anresjistre nan konkou lekti pou Timoun WPL nan sezón ete a. Enskripsyon yo ap kòmanse 28 Jen!

Si ou enskri sou entènèt, tanpri asire ou pase nan bibliyotèk la pou w pran pakè enskripsyon ou lan! Lè ou fin enskri, w ap resevwa yon jounal pou w rekòde lè w li yo ak yon kolye pou sezón ete a.

Rekòde pwogrè ou yo

Anrejistre chak jou ou li jiska 16 Out la epi w ap gen prim pou tan ou li yo. Pase nan bibliyotèk la pandan tout ete a pou rekòde pwogrè ou yo.

Gran timoun yo ap chwazi yon madjòk pa jou sou jounal lekti yo a. Ti bebe ak lòt timoun piti yo ap chwazi yon ti kana kawotchou pou chak semèn yo patisipe.

Kòm Bonis

Li omwen 40 jou pandan pwogram lekti sezón ete nou an pou w ka genyen:

- Disponib pou tout laj: yon tikè raf pou yon chans pou w gen tikè pou w al Canobie Lake oswa yon kat kado pou Dave ak Buster's.
- Disponib pou klas K rive 5yèm ane sèlman: Yon Pakè ki gen yon tikè fwa du liv Topsfield la epi w ap gen tou (1 tikè admisyon, youn (1) pou hot dog ak bwason epi 2 tikè monte kawosèl)

Patisipe nan pwogram nou yo

N ap ou ap ofri diferan pwogram andedan tankou deyò ete sa a. Enskripsyon obligatwa pou tout pwogram nou yo. Tcheke kalandriye nou an la a.

Ki moun ki ka patisipe?

Timoun (ti bebe jiska klas 5yèm ane).

Ou pa bezwen gen kat bibliyotèk la pou w patisipe.

Ou pa bezwen abite Woburn pou w patisipe.

Kilè mwen dwe kòmanse/fini?

Tout lekti ak aktivite yo dwe fèt pandan dat pwogram nan soti 28 Jen rive 16 Out. Pa gen eksepsyon!

PWOGRAM LEKTI POU TIMOUN PANDAN ETE A 2025

Byenveni nan pwogram lekti pou timoun pou ete 2025 lan!

Samdi 28 Jen – Samdi 16 Out



TIMOUN

ti bebe jiska klas 5yèm ane

Kisa ki konte kòm yon tit?

Fòma pa vrèman konte – liv, liv odyo, magazin, Liv sou entènèt, elatriye tout bon. Ke ou li yon roman grafik, yon magazin, oswa koute yon liv odyo, li konte!

Tout lekti dwe fèt nan dat pwogram nan.

Deplasman Tanner yo!

¡Swiv Tanner Bèf la pandan li ap vwayaje nan vil la pou l ale nan yon lòt kote chak semèn! Jwenn li epi note mo kòd sekrè a nan paspò ou la. Pote paspò a avèk ou nan bibliyotèk la epi montre moun ki travay nan bibliyotèk la mo kòd sekrè semèn nan pou w resevwa yon madyòk anplis ak yon chans pou w antre nan yon tiraj espesyal Deplasman Tanner yo!

Make paj sa a oubyen tcheke Instagram oubyen paj Facebook nou chak semèn pou w ka gen yon ide dapre foto nou yo pou ede w jwenn Tanner. Ou ka suiv Tanner jis pou plezi, oswa reko kote w pase yo pou w gem plis rekompans (yon madyòk oswa yon ti kana EPI Rantre nan yon tiraj espesyal Deplasman Tanner yo).

